

ANNOU LEVE PRIYE

Rise Together in Prayer

written by Annie Herr

Nan jezi mwen jwenn yon zanmi
Mwen jwenn lanmou mwen tap
cheche
Mwen jwenn frè ak sè ki renmen m
Kap fè wout la avè m

Bondye rele nou pou n renmen
Pou n viv youn ak lòt men nan men
Pou n ede frè ak sè nou yo
Jwenn jwa ak pè k soti anwo

Kè

Annou leve, Annou kanpe, annou viv
pou frè ak sè n yo
Annou priye, met ajenou, pou libète
nanm yo
Ann pot lespwa, ann pot la pè, ann
pot limyè k chase fènwè
Montre Jezi se sèl chimen anwo

Ala bèl bagay, wi li bon
Lè frè ak sè ap viv ansanm
Se tankou lwil kap sot anwo
Kap koule sou Arawon

Tankou lawouze k sot Emon
Kap desann sou tèt mòn Siyon
Bondye pwomèt Benediksyon
Li bay lavi, lanmou, padon

Pon

Lè n priye,
Se tout atmosfè a k chanje
Lè n priye,
Pagen lòt fòs ki ka kanpe
Fò n priye,
Si nou vle bagay yo chanje
Si nou vle peyi n libere
Nou dwe Priye

ANNOU LEVE ANSANM nan Lapriyè

Soti 2 rive 8 Oktòb 2023



Défi Jeunesse D'Haiti

Transformer. Équiper. Mobiliser. Soutenir.

Lendi 2 Oktòb

POUS: ADORASYON

Sòm 100

Adore Bondye pou sa li fè ak sa lap kontinye fè

Priyè pou etidyan HTC yo (Adore Bondye pou mèvyè lap fè nan lavi yo)

Madi 3 Oktòb

ENDÈKS: KONFESYON

Jak 5:16

Annou mande Bondye padon pou fot nou yo

Mèkrédi 4 Oktòb

MAJÈ: INTÈSESYON

1 Timote 2: 1-2

Sèvis Jèn ak Priyè 8é pou rive midi

Priyè pou politisyen nou yo ak Gouvènman Ayisyen

Priyè pou stabilite, la pè, ak sékirité

Jédi 5 Oktòb

ANILÈ: AKSYON DE GRAS

1 Tésalonik 5:18

Priyè ak Aksyon de Gras pou Lévanjil verite, sali, ak lavi ki pap janm fini

Priyè pou bay Bondye Aksyon de Gras pou donatè, mantò and staff HTC yo

Vandredi 6 Oktòb

ORIKILÈ: PWOMÈS

Jérémi 29:11

Deklare pwomès Bondye sou la vi w, sa li rele w pou ou ye a (apèl li sou la viw)

Samdi 7 Oktòb

PLA MEN: SILANS

Egzòd 14:14

Jounen silans

Rete an silan nanm mwen epi poze kòw pou w tande vwa Bondye ak repons li genyen pou priyè ou yo

Pa gen rekèt jodia - Selman mande Bondye révéle l a ou menm - Tande repons li

Dimanch 8 Oktòb

PONYÈT: LOUWANJ

Sòm 86:9-10

Moman Louwanj

Louwe Bondye pou sa li ye, sa li fè, ak fidelité l nan la vi n (Facebook LIVE)

N'ap kontre chak maten soti 8è rive 9è nan maten nan Lokal Legliz Rendez-Vous Christ ak sou paj Facebook nou

 HAITITC.org

Sòm 133:1-3

Ala bèl bagay, ala bon sa bon lè frè ak frè ap viv ansanm! Se tankou yon lwil santi bon yo vide sou tèt Arawon, k'ap koule sou bab li desann nan kou rad li. Se tankou lawouze ki soti sou mòn Emon, k'ap desann sou mòn Siyon yo. Se la Seyè a pwomèt pou l' bay benediksyon l', lavi ki p'ap janm fini an.

